

## Deklarasyon sou Enpak Ekite : Divès Sèvis pou Kondisyon Sanzabri

**Tit la :** Prezantasyon Apèsi ak Enpak Sèvis pou Moun ki san Lojman

**Dat la :** 12 janvyè, 2022

Èske n te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la \(REPT a\)](#) ?  Wi  Non

Si repons la se wi, mete dat (divès dat) reyinyon REPT yo ak lyen an pou REPT konplete a nan espas suivan an : [REPT](#)  
10/6/2020; 12/1/2020; 2/2/2021; 4/6/2021; 6/1/2021

Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ?  Wi  Non

Divès Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal Lekòl Piblik Boston an (BPS)	Rezime a/Rezòmman yo
<p><b>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak</b> <i>Ki rezilta pwopozisyon an/efò a dezire jwenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo refleto idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun ki nwa, latinx, azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun militeng (ki pale plizyè lang), epi ki genyen kèk eksperyans Edikasyon Spesyal) ?</i></p>	<p>Apati ane skolè 2016-2017 la, Rezo Resous Edikasyon pou Moun San Lojman an (Homeless Education Resource Network, HERN), nan Depatman Opòtinite pou Lajèn Lekòl Piblik Boston an, te mete sou pye yon modèl pou lekòl yo pou bay elèv ak fanmi ki san lojman yo meyè sipò. Atravè modèl sa a, Lekòl Piblik Boston arive amelyore aksè nan sèvis yo, elaji yo, e retire divès obstak anfas elèv sila yo ki san lojman stab. Prezantasyon sa a ap souliye vizyon stratejik la pou sèvis pou moun ki san lojman nan Lekòl Piblik Boston, ansanm ak divès inisyativ, rezilta, ak enpak kle.</p> <p>Anba direksyon yon komite direktè ki sipèvizè divès sèvis pou elèv Lekòl Piblik Boston ki san lojman ki rele Konsèy Kowòdinasyon Kominotè HERN (HERNccc), yon plan stratejik arive devlope pou gide travay sa a. Gwoup sa a ki konpoze de divès pati enterese entèn e ekstèn, refleto idantite gwoup kle elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston ke travay la enpakte, e li enkli divès reprezantan òganizasyon suivan yo : Action for Boston Community Development, Justice Resource Institute/YouthHarbors, FamilyAid Boston, ak Rosie's Place.</p>
<p><b>2. Amoni avèk Plan Stratejik la</b> <i>Se kòman pwopozisyon an/efò a aliyen avèk plan stratejik distri a ?</i></p>	<p>Bi ak enplemantasyon sèvis pou kondisyon sanzabri Lekòl Piblik Boston yo aliyen avèk bi plan stratejik suivan yo :</p> <p>Elimine Mankman nan Opòtinite ak Akonplisman (OAG) -</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>1.8 Devlope kapasite pou abòde aspè sante ak aspè sosyal ki konstribye nan mankman opòtinite yo, tankou : grangou, maladi kwonik, sante mantal, sante seksyèl, kondisyon sanzabri, ak idantite LGBTQ+ (lezbyèn, ge, biseksyèl, transeksyèl, « queer », ak lòt idantite seksyèl ankò).</li> </ul> <p>Anplifye Tout Vwa (Tout Opinyon)</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>3.4 Ogmante divès sistèm kòmantè pou fanmi yo ak biwo santral la ak pou lòt manm pèsonèl atravè... aksè regilye a lidè distri a yo ak lidè lekòl yo pandan reyinyon reyonyal yo, reyinyon lekòl yo, ak reyinyon distri yo.</li> </ul> <p>Elaji Opòtinite</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>4.1 Finansye tout lekòl nan yon fason ki reponn a bezwen patikilye elèv y ap sèvi yo, avèk konsiderasyon pou Elèv K ap Aprann Anglè yo, elèv ki genyen andikap yo, elèv ki pa gen mwayen ekonomik yo, elèv ki an danje pou yo abandone lekòl yo, jèn moun ki soti sou ray yo, ak divès lòt gwoup ki istorikman arebò sosyete a.</li> </ul> <p>Kiltive Konfyans</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>5.2 Restriktire biwo santral la pou n gen efikasite ak kontrandi nan fason ki founi angajman apwopriye, sipò ak kontrandi pou kominote skolè yo, avèk divès sèvis ki favorab pou timoun yo ak fanmi yo.</li> </ul> <p>Aktive Divès Patenarya</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>6.5 Angaje divès patnè kle nan priz desizyon yo pou gide e devlope divès</li> </ul>

	sèvis okonplè koyeran (amonize) pandan tout ane a, ansanm avèk divès eksperyans ak pwogram aprantisaj pou elèv yo.
<b>3. Analiz Done yo</b> <i>Ki done ki te analize ? Èske l te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa l te montre konsènan disparite yo ?</i>	<p>Done istorik BPS yo konsènan elèv ki san lojman te dezagrege (divize) selon ras, selon elèv k ap aprann angle, ak estati Edikasyon Espesyal. Done yo montre ke elèv ki san lojman dispwopòsyonèlman elèv Koulè (95%, konpare a 85% tout elèv ki nan distri a). Epitou, elèv ki san lojman yo fè pati pwogram Devlopman Lang Angle yo (ELD) selon yon to ki pi wo lontan, (42%, konpare ak 32% pou tout elèv yo). Epitou, to prezans lan an mwayèn pou elèv ki san lojman 3,5% pi ba pase mwayè pou tout elèv yo.</p>
<b>4. Angajman Pati Entereze yo</b> <i>Kilès ki te angaje (kantite, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, e kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i>	<p>Sèvis komite direktè distri a pou kondisyon sanzabri, HERNccc, siveye e sipèvize enplemantasyon inisyativ pètinan yo ak priyorite stratejik yo. Yo enkli :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Devlope kapasite lekòl yo pou yo kapab bay sipò a elèv ak fanmi ki san lojman, avèk yon meni sipò nan chak lekòl ki klè, ansanm ak yon envantè divès patenarya kote yo kapab refere yo.</li> <li>• Amelyorasyon kapasite distri a pou l idantifye e evalye bezwen elèv ki san lojman yo nan yon fason efikas, pandan l ap amelyore kalite, kantite, ak ekite sèvis yo.</li> </ul> <p>Gwoup HERNccc a revize e pale regilyèman sou tandans resan yo ak eksperyans elèv yo ak fanmi yo nan chan an. Nou resevwa opinyon pètinan manm yo, pami yo : travayè sosyal yo, jesyonè dosye yo, ak liyezon lekòl yo ki an chaj afè kondisyon sanzabri, ansanm ak reprezantasyon Konsèy Paran Tout Vil la.</p>
<b>5. Strateji Ekite Rasyal</b> <i>Se kòman pwopozisyon sa a/efò sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ? Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplemantè k ap avanse ekite a pou l rive pi lwen ?</i>	<p>Divès strateji presi kreye e enpleman pou pran swen disparite yo (dekalaj yo) e ogmante ekite rasyal, pami yo : kreyasyon divès pakou klè ak aksè ekite a divès sèvis ak sipò nan lekòl yo pou elèv ak fanmi ki san lojman. Pa egzanp, tout pwogram stabilizasyon lojman kreye pou rann referans preliminè yo fasilman aksesib dirèkteman atravè manm pèsonèl lekòl sila yo k ap sèvi nan wòl yo kòm liyezon pou afè kondisyon sanzabri. Epitou, Lekòl Piblik Boston bay priyorite a aksè pou elèv ki san lojman nan plizyè sipò siplemantè, ki enkli : pwogram anrichisman nan ete a, admisyon nan lekòl konkou antre yo, ak Pwogram Konsèy Akademik la.</p>
<b>6. Bidjè ak Enplemantasyon</b> <i>Ki sa ki enpak bidjè yo ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo, patikilyèman objektif sila yo ki anrapò ak ekite ? Ki idantite gwoup yo ki fè pati ekip enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i>	<p>Pa gen enpak bidjè ki asosye avèk prezantasyon sa a. Sepandan, gen divès envestisman siyifikatif ki arive fèt pandan senk an ki sot pase yo avèk itilizasyon fon vil la ak eta a pou amelyore sèvis yo pou elèv ak fanmi ki san lojman. Sa enkli 1,7\$ milyon chak ane ki te sot nan men Vil Boston ki te distribye dirèkteman nan bidjè lekòl yo avèk itilizasyon fòm finansman elèv pondere a (balanse a) ; 1,2\$ milyon an fòm Finansman Sekou Ijan pou Lekòl Elemantè e Segondè yo, pou stabilizasyon lojman ak sèvis jesyon dosye pandan twazan ; ak 1,6\$ milyon an fòm finansman Plan Sekou Ameriken an pou prevansyon kont kondisyon sanzabri, asistans finansye ijan, ak divès sèvis okonplè ki asosye avèk sèvis sa yo. Epitou, yon total 1,8\$ milyon te distribye pou elaji Pwogram Konsèy Akademik la pandan twazan, avèk sipò spesyalize pou elèv vilnerab yo (ki san defans), pami yo : sila yo ki san lojman.</p>
<b>7. Kontrandi ak Kominikasyon</b> <i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, epi kominike yo bay pati entereze yo ? Kilès k ap responsab ?</i>	<p>Avèk rapòtaj kontinyèl konstan bay gwoup HERNccc a, Depatman Opòtinite pou Lajènès Lekòl Piblik Boston an ap kontinyèlman rapòte rannman yo selon bi ak objektif ki nan plan daktyon stratejik HERN la. Plan an revize omwen de (2) fwa chak ane, avèk yon rapò fòmèl sou pwogrè k ap fèt pou atenn bi yo ak rannman yo, rive fen chak ane skolè. An kolaborasyon avèk HERNccc, plan an revize e mizajou chak twazan, avèk divès bi presi pou chak ane skolè. Anplis, genyen yon rapòtaj ki prezante bay Komite Skolè Boston an chak ane.</p>